

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan jeung Saran

5.1.1 Kacindekan

Dumasar data nu kapanggih, tuluy dianalisis jeung didéskripsikeun. Kacindekan dipertélakeun ieu di handap.

1. Kadaharan tradisional SundaKuningan nu kapanggih aya 73 léksikon kadaharan tradisional. Léksikon kadaharan tradisional Sunda di Kabupatén Kuningan, nyoko kana léksikon-léksikon kadaharan has Sunda nu asalna ti wilayah Kabupatén Kuningan.
2. Dumasar wangun lingualna, léksikon kadaharan tradisional Sunda diklasifikasikeun kana wangun salancar, rundayan, rajékan, kantétan, jeung wancahan. Wangun lingual léksikon kadaharan tradisional Sunda nu kapaluruh nyaéta aya 73, nu ngawengku 22(30,1%) léksikonwangun salancar, 1 (1,4%) léksikonwangun rundayan, 8 (10,9%) léksikonwangun rajékan, 37 (50,7%) léksikonwangun kantétan, jeung 5(6,8%) léksikonwangun wancahan.

Léksikon kadaharan wangun salancar dipasing deui kana 3 bagian, nyaéta:

- a. Léksikon kadaharan wangun salancar dua engang kapanggih 15 léksikon, nu pola pangwangunna: pola 1 : V-KVK kapanggih 3 léksikon; pola 2 : VK-KVK kapanggih 1 léksikon; pola 3: VK-KVK kapanggih 1 léksikon; pola 4: KV-KV kapanggih 1 léksikon; pola 5 : KV-VK kapanggih 1 léksikon; pola 6: KV-KVK kapanggih 2 léksikon; pola 7 : KVK-KV kapanggih 1 léksikon; pola 8 : KVK-KVK kapanggih 2 léksikon; pola 9 : KVK-KKV : kapanggih 1 léksikon; jeung pola 10 : KVK-KKVK kapanggih 1 léksikon.
- b. Kecap salancar tilu engang kapanggih 6 léksikon kadaharan, nu pola pangwangunna : pola 1 : KV-KV-KV kapanggih 1 léksikon;pola 2: KV-KV-KVK kapanggih 3 léksikon; pola 3: KV-

V-KVK kapanggih 1 léksikon; jeung pola 4 : KVK-KV-KVK kapanggih 1 léksikon.

- c. Kecap salancar opat engang kapanggih sakecapléksikon kadaharan tradisional nu pola pangwangunna : KV-KV-KKV-V.

Léksikon kadaharan tradisional Sunda wangun rundayan dipasing dumasar pola kecapna, nya éta: pola 1 : NgK + Rdm $\rightarrow \begin{bmatrix} KB \\ KP \\ KS \end{bmatrix} + Rdm$, kapanggih 4; pola 2 : NgK + Rdp $\rightarrow \begin{bmatrix} KB \\ KP \\ KS \end{bmatrix} + Rdp$, kapanggih 3; jeung pola 3 : NgK + Rdp - an $\rightarrow \begin{bmatrix} KB \\ KP \\ KS \end{bmatrix} + Rdp - an$, kapanggih 1.

Léksikon kadaharan wangun rundayan dipasing dumasar pola kecapna, nyaéta: pola 1 : KB+KB kapanggih 26léksikonpola 2: KB+KS kapanggih 4léksikon; pola 3 : KB+KP kapanggih 3léksikon; pola 4 : KB + KBil kapanggih 1léksikon; jeung pola 5 : KP + KB kapanggih 3léksikon.

Léksikon kadaharan wangun wancahan dipasing dumasar pola kecapna, nyaéta: pola 1 : Wancahan Tangkesan : engang hareup (K1) + engang tukang (K2), kapanggih 2; pola 2 : Wancahan Tingkesan : engang tukang (K1) + engang tukang (K2), kapanggih 2; jeung pola 3 : Kecap Memet (réduksi) : engang hareup (K1) + engang hareup (K2), kapanggih 1.

- Prosés méré ngaran atawa sesebutan dipasing-pasing jadi sababaraha bagian, nurutkeun : *sora, sasaruana, bahan, tempat asalna, nu nyieunna, sipatna, sabagian anggapan jeung manasuka*. Dumasar hasil analisis data kapaluruh 1 (1,4%) léksikon kadaharan nu nurutkeun sorana, 4 (5,5%)léksikon kadaharan Sunda nu nurutkeun sasaruanaana, 29 (39,7%)léksikon kadaharan Sunda nu nurutkeun bahanna, 2 (2,7%)léksikon kadaharan Sunda nu nurutkeun tempat asalna, teu kapaluruh dumsar nu nyieunna, 5 (6,8%)léksikon kadaharan Sunda nu nuduhkeun sipatna, 4 (5,5%)léksikon kadaharan Sunda nu nuduhkeun sabagian anggapan jeung 27 (37%)léksikon kadaharan Sunda nu manasuka.

4. Dumasar kana ma'na léksikonna, sakabéh léksikon kadaharan tradisional Sunda nyoko kana kecap barang. Barang nu dimaksud nyaéta kadaharan tradisional na.
5. Léksikon kadaharan tradisional Sunda di Kabupatén Kuningandiklasifikasikeun kana sababaraha kelompok luyu jeung bahanna. Aya sapuluh kelompokléksikon kadaharan tradisional Sunda di Kabupatén Kuningannu bahanna, nyaéta kadaharan nu bahan dasarna béas aya 5 (6,8%), tipung béas aya 7 (9,6%), béas ketan aya 10 (13,7%), tipung ketan aya 12 (16,4%), sampeu aya 8 (11%), aci aya 1 (1,4%), tarigu aya 3 (4,1%), kacang aya 6 (8,2%), boléd aya 6 (8,2%), jagong aya 1 (1,4%), jeung bahan séjénna aya 23 (32%).

5.1.2 Saran

Panalungtikan ieu dipiharep bisa ngeuyeuban kajembaran tradisi, hususna kadaharan tradisional Sunda boh di Tatar Sunda boh di wewengkon sewang-sewanganana sarta bisa nambahan pangaweruh pikeun mekarkeun ajén-inajén jeung mikawanaoh deui kadaharan tradisional.

1. Guru

Ngaliwatan hasil ieu panalungtikan, guru bisa nambahan pangaweruhna dina mekarkeun bahan ajar basa Sunda di sakola kucara ngagunakeun istilah léksikon kadaharan tradisional Sunda nu aya di Kuningan.

2. Siswa

Hasil ieu panalungtikan bisa dijadikeun média pikeun siswa dina mikanyaho naon-naon ngeunaan léksikon kadaharan tradisional Sunda nu aya di Jawa Barat hususna nu diteuleuman di wewengkon Kabupatén Kuningan, nu ahirna bisa ngarobah sikep jeung pamikiran kana kadaharan tradisional Sunda.

3. Masarakat

Hasil panalungtikan ieu dipiharep bisa numuwuhkeun minat jeung karesep sarta bisa ngamotivasi masarakat nu satuluyna keyeng pikeun ngamumulé ngeunaan léksikon jeung ajén-ajén étnolinguistik kadaharan tradisonal Sunda nu aya di Jawa Barat, hususna nu diteuleuman di wewengkon Kabupatén Kuningan.